



Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с.   Унсоколо районалъул газета   «Садовод»   sadovoduns@yandex.ru

№ 44 (7184)   30 октябрь   Рузман   2015 сон.   Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ.   Багьа 7 гъурущ


## Собраниялъул сессиялъул заседание

Араб анкьалда тIобитIана районалъул Собраниялъул сессиялъул заседание. Гьениб балагьиялде босун букIана:

I. 20I5 соналда «Унсоколо район» МОялъул бюджеталда дандеккей гьаби.

2. «Унсоколо район» МОялъул бюджеталъулаб гIуцIиялъул ва бюджеталъулаб процессалъул Положение тасдикъ гьаби.

3. ГIаммаб лъай кьеялъул гьоркьохъел ва байбихьул школазда хIалтIулал бакIазул бугеб х1ал рук1алиде ккезаби.

Ахирисеб суал хадусеб сессиялда тIубазабизе нахъ бахъун тана.

ГI. ХIамзатов ракIалде щвеялъе

## Турнир унеб буго



Нилъер тахшагьар МахIачхъалаялда райадминистрациялъул гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабулеб комитеталъул х1аракаталдалъун унеб буго балагьаб къагIидаялъ нилъедаса ватIалъарав судья ГIумар ХIамзатов ракIалде щвеялъе спортивияб турнир. Гьенир гIахьаллъулел руго I6 команда. Районалдаса абуни 200 гIан чи гIахьаллъулев вуго къецазда. Гьезие салам кьезе рачIун рукIана районалъул БетIерасул ишал тIуралев ГIиса НурмухIамадов ва Дагъдорконтроль ГКУялъул нухмалъулев Шамиль ГIалиев (гьев ккола Бекьилъ росулъа).

Тадбир тIобитIизе кумек гьабуразе ва гIолилазул тIалаб гьабуралъухъ районалъул гIолилаз баркала загьир гьабулеб буго нухмалъиялъе ва спонсоразе.

*Сураталда:* къецалъул г1ахьалчаг1и

*Экстремизм-терроризм*

## ГIатIидаб данделъи тIобитIана



**<u>Гьаб соналъул 2I октябралда районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда тIобитIана АТКялъул ва росабазул гIадамал гIодобе биччараб гIумруялде ахIиялъул Комиссиялъул гIатIидаб данделъи. Гьенир гIахьаллъана РФялъул НАКалъул вакилзаби М. В. Качалин, П. В. Василенко, П. М. Шипицин, РДялъул мугIрузул территориялъул вакиласул зам. ГI. МухIамаддадаев, РДялъул бетIерасул кумекчи, РДялъул АТКялъул вакил С. М. Сайпов, РДялъул Правительствалъул ва БетIерасул аппараталъул жанисел органазул рахъалъ отделалъул зав. Г. М. ХIажиев, Россиялъул МВДялъул вакил Р. Э. Комов.</u>**

***Балагьиялде росун рукIана:***

I. Ракълилаб гIумруялде тIад руссине бокьун, ракълилаб гIумруялде тIад руссиналъе гьоркьохъанлъи гьабулеб Комиссиялде хитIаб гьабурал, Генуб росулъа полициялъ жал Уголовнияб кодексалъул 208 статьялъул 2 часталда рекъон ралагьулел рукIарал Р. ГIалихIажиевасул ва Г. Камилбековасул суал.

2. АТКялъул гьединго терроризмалдегун экстремизмалде данде хIалтIи гьабулел киналго ведомствабазул хIалтIи районалда, хIасил кьоледухъ гIуцIи.

***<u>ХIукму гьабуна:</u>***

I. Терроризмалъулгун экстремизмалъул идеологиялъул нухда рук1ун мекъи ккарал ракълилаб гIумруялде тIад руссинариялъул Комиссиялъ балагьиялде босизе, гьеб идеологиялдаса инкар гьабурал Генуб росулъа гражданал Р. ГIалихIажиевасул ва Г. Камильбековасул суалазухъ.

2. Экстремизмалъулгун терроризмалъул идеология гIадамазда гьоркьоб тIибитIизабиялде данде гьабулеб профилактикияб хIалтIи Унсоколо районалда жеги куталкъизабизе.

ГIатIидаб заседаниялдаса хадуб АТКялъул вакилзаби, ракълилаб гIумруялде гIадамал ах1иялъул Комиссиялъул членал, районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадовгун цадахъ, щвана Генуб росулъе. Гьенир гьел дандчIвана Генуб росдал администрациялъул бетIер А. МухIамадовгун ва Унсоколо районалъул имам Гъ. Абакаровгун.

Генуб росулъ ва тIубанго Унсоколо районалда терроризмалъулгун экстремизмалъул идеологиялде данде гьабулеб хIалтIухъ Генуб росдал бетIерасе, районалъул имамасе ва гIадлу-низам цIуниялъул блокалъул хIалтIухъабазе т1аде рач1араз кьуна лъикIаб къимат.

РФялъул НАКалъул вакилзабаз, РДялъул АТКялъул аппараталъ ва ГТОялъул хIалтIухъабаз кIудияб методикиябгун практикияб кумек гьабуна районалда терроризмалъулгун экстремизмалъул идеология гьукъиялъе.

**Райадминистрациялъул пресс-центр**

## Районалъул цIияв имам тIамуна

Гьал къоязда Унсоколо районалъул Шамильхъала поселокалде рачIун рукIана РДялъул муфтиясул тIоцевесев зам. АхIмад-хIажи Кахаевасул бетIерлъиялда гьоркь хасаб делегация. Гьениб тIобитIана росабазул имамзабиги гIахьаллъараб совещание. Гьоркьоб лъун букIана районалъул цIияв имам ГъазимухIамад-хIажи Абубакаров тIамиялъул суал.

Гьединго Ах1мад-х1ажи Кахаев дандчIвана районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадовгун. Гьез дандрана цадахъ рекъон социалиябгун рухIияб цебетIей районалда букIинабиялъул хIакъалъулъ суалал.

***Министерство труда и социального развития РД сообщает, что ООО «Глобус» (г. Нижневартовск, Ханты-Мансийского автономного округа – Югры) осуществляет подбор специалистов для работы вахтовым методом (не менее 3-х месяцев) на Ванкорском нефтегазовом месторождении.***
***На сегодняшний день требуются автокрановщики (15 чел.), стропальщики (80 чел.), водитель категории «D» (5 чел.), водитель категории «Е» (5 чел.). Работникам предоставляет жилье, трехразовое питание, спецодежда и заработная плата от 55 тыс. руб., а также оплачивается проезд из города Нижневартовск до Ванкорского нефтегазового месторождения (место работы)***

## *Налогазда хурхун - данделъи*

**Араб анкьалда районалъул администрациялда тIобитIана налогазул налъи бугел учреждениял-организациязул нухмалъулел ва бухгалтералги гIахьаллъараб данделъи. Гьеб бачана районалъул бетIерасул зам. ХI-М. ГIамирхановас.**

Данделъиялда балагьана гьаб соналъул I сентябралде учреждениял-организациязда налогал ракIариялда хурхун бугеб хIалалъул ва бихьизабуна аслияб къагIидаялъ налъи лъугьун бугин ракьазул ва буголъиялде бачIунеб налог бакIаричIолъиялъ,-абун.

Учреждениял-организациязул нухмалъулезда бичIчIизабуна гьел гIунгутIаби тIагIинаричIого рес гьечIилан ва хадубккун гьединаб ахIвал-хIал биччазе бегьиларилан бихьизабуна.

## Поздравление



От коллектива администрации района, лично от себя, поздравляю Газимагомедова Гамзата Газимагомедовича с награждением государственной наградой – медалью ордена «ЗА ЗАСЛУГИ ПЕРЕД РЕСПУБЛИКОЙ ДАГЕСТАН».

Разделяем с Вами радость нынешнего успеха и твердо верим в дальнейшие победы на организаторском, научном, декоративно-прикладном и новаторском поприщах.

Желаем Вам неиссякаемой жизненной энергии, крепкого здоровья, благополучия и новых профессиональных успехов на благо населения Унцукульского района, Республики Дагестан и России.

**С поздравлением и.о. главы МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**

## В. В. Путиниде божилъи буго

**ВЦИОМалъ халкъалда гьоркьоб гьабураб цIех-рехалъул хIасилалда баянлъана Россиялъул 89,9 проценталъ улкаялъул Президент В. Путиниде божилъи гьабулеб букIин. Исана июлалда гьабураб цIех-рехалъул хIасилалдайин абуни баянлъун букIана халкъалъул 89,I проценталъул Путиниде божилъи бугебльи. Гьелдаса нахъе араб чанго моцIалда жаниб президентасул рейтинг саламатго цIикIкIун буго.**

*Район гIуцIун - 80 сон: нилъер гIадамал*

# КъанагIатаб бажариялъул гIадан

**Тарихалъулъе ана революциялъул ва цIакъго хIалуцарал, бияп гIодоре тIурал рагъал ккараб къоабилеб гIасру. Миллионал гIадамаз жидерго гьайбатаб гIумро кьуна гьаб жакъасеб бакъулаб къоялъе гIоло. Дол соназул киналго захIамалъаби: ракъиги, лъикIаб гьечIеб рукIа-рахьинги, ракIалъе бищунго хирияв ва рокьулел гIага-божарал гIадамал ратIалъиги хIехьезе ккана нилъер умумаз, гьезул кIудиял эбелаз ва эменаз.**

**Амма дол захIматал соназ жеги цIикIкIун щулалъана дагъистаниязул гIамал-хасияталъул лъикIал рахъал – бихьинчилъиги къо хIехьейги, къвакIиги, гIагараб Дагъистаналъул ракьалдехун бугеб лъугIи гьечIеб рокьиги. Гьел соназда гIун рачIана кигIанго нилъее бокьичIониги гIумруялдаса ратIалъун унел ругел къадру-къимат бугел руководительзабазул кIудияб къукъа. Гьел гIадамаз тIалаб гьабичIо жидеего хъулухъалъулъ тIадегIанлъи, рихьизаричIо гьез жалго, гьезие бокьана гIагараб Дагъистан. Гьез нахъа тана захIматаб гIумруялъул нух, кIоченчIо ракъарал лъимерлъиялъул сонал, лъачIо эбелинсул хIеренлъиги хинлъиги. ГIемерисел гьел гIуна лъималазул рукъзабахъ-интернатазда. Гьедин букIаниги нилъерго халкъалдехун гьезул букIана гIорхъи гьечIеб рокьи, ругьунлъана рохелги кваралиги бичIчIизе. Нилъедаса ратIалъана махщел-гьунар бугел, нилъ киналго хIайран гьарулеб гIел.**

**Республикаялъул тарихалда гьез тараб мустахIикъаб бутIаялда гьоркьоб рикIкIине бегьула рарал лъел электростанцияги, росдал магIишаталъулгун промышленниял бакIалги, школалги, ВУЗалги, театралги, ансамблялги. ГIадамазда гьоркьоб жидерго гIадатлъиялъ машгьурлъана ва цогидаздаса ратIа рахьизе кIвана ГI. Даниялов, М-С. ГIумаханов, Ш. ШихсагIидов, Ш. ИсмагIилов, М. Шамхалов ва цогидал нухмалъулел. Гьел рокьулаан, ракI-ракIалъ дандчIвалаан колхозаздагун совхозазда, фабрик-заводазда. ГIумруялъул мурадлъун гьел гIадамазул букIана гIагараб Дагъистаналъе хъулухъ гьаби. Гьелъие гIоло гьел хIалтIана къасиги-къадги, жидедаго барахщичIого, жаналда, сахлъиялъул хал гьабичIого.**

**Жакъа «ЦIиял дагъистаниязъ» ралел ругел чIахIиял кIалгIабахъ ва гьундухъ балагьараб заманалда кигIанго бокьичIониги ракIалде бачIуна нилъер цере рукIарал хIакимзабазул букIараб гIадатияб гIумро-яшав.**

Гьединаб хIайранлъигун гIемераз ракIалде щвезаюла лъабкъоябилел соназ республикаялъул культураялъул министерствалъе нухмалъи гьабурай гьайбатай магIарулай Губаханова Изумруд ХIажиевна.

Абула гьветI щулияб букIунарин гьелъул кьалбал лъикIал гьечIони,-ян. Умумазул рахьалъ битI ккана Изумруд ХIажиевналъе. Гьаюна гьей I9I5 соналда. Гьелъул эбел Умагьани йикIана Шамил имамасул машгьурав наиб ХIажимурадил васасул яс. КIудияй эбел Залму росасе ун йикIана доб заманалда Дагъистаналдаго машгьурав даран-базар гьабулев чи Якъуб ГIисакъовасе (ГIашилтIаса ред.) Гьев вукIана хIатталдаса ун ракI гIатIидав ва гьалбал хирияв чи. Гьесул рокъоре гIемер ракIарулаан М. Дахадев, ХIоцоса



Нажмудин, Жамалудин Къоркъмасов, М-М. Мавраев, М. М. Хизроев ва цогидалги. Жиндирго тIолабго бечелъиги пачалихъалъе пайдаялъе кьун гьес гIумру гьабулеб букIана Буйнакскиялъул рагIалда жиндирго лъималазул лъималазда гьоркьоб. ГIумруялъул ахирисел къоязде щвезегIанги Изумрудица ракIалде щвезавулаан жиндиего цIакъ вокьулев вукIарав кIудияв эмен.

Гьелъ кидаго кIочене течIо жиндирго инсудехун букIараб ракIалде щвеялъул асар. Гьев вукIана Дагъистаналда сахлъи цIуниялъул гIуцIарухъабазул цояв, Уллубий Буйнакскиясул божарав чи, лъай кьеялъулгун бичIчIи кьеялъул бюроялъул жигарав член. Живго гьев Гъоркьа Хъазанищеялдаса вукIаниги гьес дагьаб хIалтIи гуро гьабураб магIарухъ, хасго ГIанди округалда медицинаялъул хъулухъ гьаби гIуцIиялъул ишалда. Хадув гьев сахлъи цIуниялъул министерствалда хIалтIулеб заманалда гIемер сапаразде унаан Дагъистаналъул рикIкIадал районазде. Гьединан иргадулаб сапаралъ магIарухъе араб заманалда – I928 соналда гьев гIумроялдаса ватIалъана, гIумру гьабиялъе кинаб букIаниги сурсатги гьечIого хъизанги кIиго гьитIинаб лъимер – I3 сон барай Изумрудги 11 сон барай Меседоги нахъе тун. Гьеб мехалда хъизан Умагьани ялъуна лъугьана медицинаялъул техникумалде. Гьелъ хадуб ракIалде щвезабулаан жидеца гIумро гьабулеб букIанин гIорцIизегIан кваназе жоги гьечIого,-ян. Гьелдаса дагьаб хадуб Изумруд цIализе ана Буйнакск шагьаралъул педагогикияб техникумалде, гьитIинай Меседо кечI-бакъаналъе махщел бугей гIадан йикIиналъ Татам Мурадовас хIалтIизе йосана радио-комитеталде, харж гьениб дагьаб гурони букIинчIониги гьелъ кумек гьабуна гьезие чIаго хутIизе.

Педтехникумалда цIалулел соназда Изумрудил рукIана гIемерал лъикIал ва гIагарал гьудулзаби – профессор-этнограф Сакинат ХIажиева, Марям Самедова, ПатIимат Касимова, Марям Нахибашева ва цогидалги. Сакинат ШихсагIидовналъ гIемер ракIалде щвезабулаан цадахъ цIалулел рукIарал сонал, магIуги чвахулаго бицана гьелъ дол соназул, кваназе чедги гьечIого, ракъуцаги холаго ясал цIализе унел рукIараб куцалъул хIакъалъулъ.

Гьаниб абичIого гIоларо, педучилище дол соназда букIанин гIолохьанаб Дагъистаналъул интеллигенциялъул кадраби аслияб куцалда куцалеб къебелъи гIадаб бакI. Гьелъие нухмалъи гьабулеб букIана Прагаялда университет лъугIарав МухIамадмирза Губахановас. Эмиграциялде гьев ккун вукIана «ГIалхулаб дивизиялъул» офицер, жиндирго имгIаласда цадахъ. Дол соназда республикаялъул нухмалъулев Жамалудин Къоркъмасовасул кумекалдалъун инсуда кIвана жиндирго вас гIагараб ВатIаналде – Дагъистаналде тIад вуссинавизе. Педучилище лъугIарай, бигьаго екизе кIолей яс Изумруд рекIее гIуна училищеялъул директорасул вацасе Айдемирие.

Эбелалъул рахъалдасан Разиятил кIиявго вац Губахановал рукIана XIX гIасруялъул бакьулъиялда Дагъистаналда вукIарав машгьурав гIалимчи ЧIикIаса Айдемирил наслуялъул чагIи – гьел кколаан гIалимчи –лингвист П-К. Усларил иш цебехун бачарал чагIи. Губахановазул хъизаналда лъай боси букIана кидаго цебесеб бакIалда, гьезул рокьоб букIана кIудияб библиотека, гьезул цо бутIа жакъа къоялдеги цIунун хутIун буго. Данделъарал гIолохьанал росльади цIализе ана Владикавказалде, рос цIализе лъугьана доб заманалда машгьураб Горский росдал магIишаталъул инстуталде, Изумруд – педагоголъиялъул институталъул биологиялъул факультеталде. ЛъикIал къиматазда институт лъугIизабурав Айдемирие лъикIаблъун бихьизабулеб букIана гьенивго анспирантураялде цIализе лъугьине. ЦIунизе хIадурго букIана диссертацияги, амма анищ тIубазе хъван букIун гьечIо.

Байбихьана рагъ. ВатIан цIунизе ана рос Айдемир. I942 соналда лъукъарав росасде щвезе госпиталалде ана Изумруд, цересел гIагарлъиялъул гIадамазда аскIор лъималги тун. Рокъое тIад юссиналде гьелда гьитIинав вас холев ватула, гьелдаса цебе росльадуца юкъун йикIана ясги. Хадуб кварилъиялъ рехун течIо гьезул хьи зан. I944 соналъул июлалда Изумруди хъе фронталдасан извещение бачIана рос араб бакI лъачIого тIагIанилан. Амма кварилъиялда екизайизе кIвечIо гIолохьанай чIужугIадан. № 5 школалда цин учительницалъун, хадуй директорлъун хIалтIулаго гьелъ бихьизабуна хIатталдаса ун цIикIкIараб захIмат бокьиги тIад къараб ишалдехун жавабчилъиги. I944 соналъул марталда Изумруд ХIажиевна тIамуна лъай кьеялъул Наркомалъул заместителасул хъулухъалде. Гьеб заманалда гьей гIумро гьабизе гочана МахIачхъалаялде. Гьение ячана гьелъ Меседо гьитIинай ясгун цадахъ. ГIемерал соназ Изумрудица тIалаб-агьаз гьабуна яцалъул, рес кьуна гьелъие Москвалъул кванил промышленносталъул тIадегIанаб школалде лъай босизе ине. Хадуб Меседо ХIажиевналъ нухмалъи гьабулеб букIана Дагъистаналъул кванил промышленносталъул министерствалъе.

*(Ахир 4 гъумералда)*

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

№ 44 (7184)

30 октябрь 2015 сон



***2015 соналъул 29 июлалда РФялъул гъулбасараб указалда рекъон Россиялде биччаларо Евросоюзалдаса, СШАялдаса, Канадаялдаса, Австриялдаса ва Норвегиялдаса къайи. Дагъистаналъул таможниялъ гьеб рахъалде кIвар кьола.***

***Дагъистаналде гьединаб къайи ва нигIматал рачIин гIемер гьечIониги, камуларо закон хвезабиялъул хIужаби. Масала, МухIарамкенталъул таможенияб посталдасан республикаялде гьукъараб къайи баччиялъул 36 хIужа ккана.***

Унсоколо район гIуцIун - 80 сон

# Балахьуни

## (Чабхъадулазул росо)



ЦIех-рехазул баяназда рекъон ва росу сверухъ рухъа-хъвай гьарун ратарал тIагIалабазухъ балагьун, Балахьуни росу ккуралдаса гIага-шагарго I000 сонгIаги буго.

Росдал цIар бачIараб буго, гьезул биценалда рекъон, гьанжесеб Балахьуни росу бугеб бакIалде рачIарал чанахъабаздасан. Гьел рукIун руго гъажарал – гьанжесеб Азербайджаналъул Белокани абулеб росулъа. Рохьаз ккураб ва гIалхул хIайванал гIемераб гьаб жаниблъиялда хъошал гьарун чIарал гъажарал-чанахъабаз жидерго Белокани росдал цIар Балахьуни росдадаги лъун буго. Гьелдасан бачIараб букIине ккола Балахьуни абураб цIарги.

Балахьуни росу гIун бачIиналъул ва гьелда цIар лъеялъул хIакъалъулъ цоги батIияб пикру буго бакIалъулаб край лъазабулев чи, росдал школалъул учитель Расул МухIамадовасул. Гьес абулеб буго: «Балахьуни росу кквеялъе руго батIи-батIиял биценал. Амма гьезул аслияллъун дида рихьула:

I. Балахьуни – баллада нахъа «Хьуни» бакI, ай ккуни. Ккураб бакI.

2. Азербайджаналъул магIарулазул Белокани росулъа, кIиго тухумалда гьоркьоб тушманлъи ккейгун, апараглъун бачIараб тухумалъ лъунила росдае кьучI,-абураб бихьизабиги буго.

Балахьуни гурони цогидал бакIазда лъаларел кIалзул гьунаралъул асаразги, масала, «Чанахъан КъурахIма», «Богъур» гIадал маргьабаз, кицабаз ва абиязги нугIлъи гьабула инсанас чан гьабун бетIербахъи гьабулеб, жеги гIалхул хIама инсанас жиндиего мунпагIаталъе хIалтIизабизе мутIигI гьабичIеб заманалдаго росу ккун букIин.

«Агъалда» абулеб бакIалда I966-I967 сонazda школлъималазгун цадахъ учительзабаз гьабураб архиологиялъул цIех-рехалъ гьенир хабалалъ ратарал чIоразда тIогьир рукIунел алатазул (наконечник) хал гьабигун баянлъула гьел розол, пахьул гьарурал рукIин. Историказул баяназда рекъон гьел рукIине ккола нилъер къарнуялде щвелалде I00-200 соналъ цебе. ГIенкIкIетIа абулеб бакIалда батун буго ганчIил бекIкIун гьабураб рагьумахIу. Росу сверухъ ругел цIакъго некIсиял хабалазул хIисаб гьабураб мехалда гьаниб росу ккун букIине кколеб буго бищунго дагьалдаса Кавказалъул Албания пачалихъ букIараб заманалдаго (IV в. до н. э.).

Гьединго тIоцебе росу ккунилан абулеб буго ГохIккун бакIалъул хабалазул борхалъиялъул хIисаб гьабуни, Дагъистаналда Абулмуслим шайихас исламияб дин тIибитIизабизе байбихьараб заманалдего. Гьединаб куцалда гIага-шагарго Балахьуни росдаца I800 ялдаса ц1ик1к1ун сон бан буго.

Белехьдерил аслияб бетIербахъи букIун буго габани гIезабун гьелъул ххам беси, цIоко-тIехьалдаса лакай гьабун гьелъул хьитал, мачуял, тIингъал гьарун гьел ричизе хьвади. Белехьдерил цIоко-тIехьалъул хIалтIи КIудияб ВатIанияб рагъул саназдаса хадубги гIатIидго тIибитIараб букIана».

НекIогоялдаса Балахьуни росдал гIадамаз аслияб магIишат гьабулеб букIун буго гьеб ракьалъе рекъон кколеб цIоросаролъ бекьун ва гIи-цIаниги чIегIербоцIиги хьихьун. МагIаруллъуде къараб белехьдерил бакIалда гьелъие ресал руго. Гьелдаса гIемер заман ун хадуб белехь дагь-дагьккун ахихъанлъиялде ругьунлъана ва мугIрул ракьалдаса пайдаги босулаго картошка, бугIа, ролъ гIезабизе байбихьула.

Доб заманалда дагь-дагьккун белехьдерил гIадамазда гьоркьоб бижун бачIун буго тухумчилъи. Росдал гъоркьиябги тIасиябги кIиябго авалалда гьоркьоб байбихьун буго тунка-хIусиял: кIиябго авалалъул гIадамал цоцаде тIаде кIанцIулаан, цоцазул давла бахъулаан, боцIи хъамулаан.

Росдал гIадамазда гьоркьоб гьединаб вацлъиялъулаб гуреб гьоркьоблъиялъе ахир лъун буго XVII векалъул бахIарчи Мусал ГIадалас росдае цебехъанлъи гьабизе байбихьаралдаса. Мусал ГIадалав вукIун вуго чабхъадулазул цевехъан ва гIадамазда гьоркьоб рагIи билъарав чи. Гьес белехьдерил росдал гIолохъабазда цадахъ цогидал НахъбакIалъул гIолохъабиги цолъизарун дандечIей гьабулеб букIана хундерил ханзабазде.

Гьес ханзабазул зулмабазде дандеги ун НахъбакIалъул гIадамаздаса тIаса рехана цIулал рохъоялде гIунтIун тIад лъун букIараб магъало. Гьеб киналъукьго къуркьуларев Мусал ГIадаласдаса къисас босичIого течIо ханзабаз. Гьев чIвана Хунзахъа ГIумаханасги гуржиязул ИлекIи ханасги гьоболъухъги ахIун, гьидерил Хочбар гIадин, рекIкIаб куцалда.

Мусал ГIадаласул гIумроялъул, цIоралде гьарурал гьесул чабхъеназул ва бахIарчиял ишазул хIакъалъулъ гIемерал биценал руго. Жеги лъабкъоабилел соназдаго Балахьуниса учитель-литератор АхIмад НурмухIамадовас гьел киналго данде гьарулел ва биценазул хасаб тIехь гьабулеб букIана. ГIумру къокъав чи вукIун вуго, гьеб анищ рагIалде бахъинчIого хутIана гьесул. БахIарчиял умумал кIочене бегьуларо. Щиб лъалеб, АхIмадил анищ тIубазабулев чи ватизе бегьула Балахьунив.

Кавказалъул рагъул соназда Шамилил аслияб мугъчIвалеб бакIазул цояб букIана Балахьуни. Гьениса вукIана имамзабазул бищунго ритIухъав наибзабазул цояв Балахьуниса Муса. Доб заманалъул лъугьа-бахъиназул биценал – Генуса ХIасаниласул вас, Къарахъа МухIамадтIагьирил хъвай-хъвагIаязда гIемер дандчIвала Мусал бицунел бакIал. Рагъда жинцаго жигараб гIахьаллъи гьаби гуребги, Мусаца Шамилие кумекалъе рахъинарулаан росдал гIадамал ва гьес бакIарулаан росулъа аскаралъе квание тIощелги чуязе кIалцIи-херги.

Балахьуни росулъ вукIана имам ГъазимухIамадил вас, цIар рагIарав гIарабист Ярагъиялдаса МухIамадил ясалъул вас ХIасан Алкъадари. Гьев вукIана машгьурав гIалимчи ва гъваридав пикручи. Дагъистаналъул некIсияб тарихалъул хIакъалъулъ ХIасаница хъван буго «Асари Дагъистан» абураб кIудияб гIелмияб хIалтIи. Гьеб ккола гьесул анцI-анцI къиматал хIалтIабазул цояб.

КIудияб Октябралъул революция ккезегIан, магIарулазул цогидал росабалъго гIадин, белехьги рукIана лъай гьечIолъиялъ нахъе ккарал ва язихъго бетIербахъи гьабулел гIадамал. Гьенив вукIинчIо цониги гIурус мацI лъалев яги хъвазе-цIализе бажарулев чи. БукIинчIо гьединго росдал гIадамазе медицинаялъул кумек. ГIажамалъ ва гIарабалъ хъвазе лъалаан росдал дибирасда. Кагъат цIализе яги унтарасе дару гьабизе чи вачине Хунзахъе яги цоги бакIалде ине кколаан.

КигIанго гьедин букIаниги бокьун ва рохха-хинлъун къабул гьабичIо белехьдерица Совет власть. Гьениса гIицIго кIиго чи – ХIамзаев МухIамадги ГIубайдулаев МухIамадги гIахьаллъана Дагъистаналда рукIарал граждан рагъазулъ. Гьелъие гIиллабиги рукIана. Доб заманалда ХIоцоса Нажмудинил рахъалда чIун большевиказде данде вагъулев вукIана Балахьуниса устар Мусал МухIамад. Гьес тIолабго белехьги жиндаго хадур ахIун рукIана, исламалъул гIурччинаб байрахъалда гъоркь рукIун рагъизе.

Дагъистаналда Совет власть бергьун хадуб, магIарулазул цогидал бакIаздаго гIадин, Балахьунибги гIуцIарухъанлъиялъул хIалтIабазде байбихьана. Кутакалда тIаделъун рукIана росдал гIадамал материалиябгун культурияб рахъ борхизабиялде, хъвазе-цIализе лъангутIи лъугIизабиялде.

КигIанго большевиказдехун рокьукъго балагьулел чагIи белехь рукIаниги, цIияб гIуцIи гьез байбихьана росулъ тIоцебе партячейка гIуцIиялдасан. Гьеб гIуцIана I927 соналда. ТIоцере партиялъул кьеразулъе лъугьана М. МухIамадгъазиев, И. ГIабдулаев, Г. СалихIов, М. ГIабдулаев ва цогидалги. Партячейкаялъул тIоцевесев секретарьлъун вукIана МухIамадгъазиев МухIамад.

Лъабго сонидасан гIуцIана комсомолалъул ячейкаги. МухIамадгIалиев Жамалудин вукIана гьелъул тIоцевесев секретарьлъун.

I936 соналда Балахьуни тIоцебе колхоз гIуцIана В. В. Куйбышевасул цIарги лъун. Гьелъул тIоцевесев председательлъун вукIана Гъазиев МухIамад.

Байбихьуда мискинаб букIана колхозалъул магIишат. Гьеб соналъ колхозалде лъугьана 26 чи. I30 гIи-цIаниги, ункъго оцги, лъабго гIакаги, цо гIорцIенги букIана гьезул. БукIинчIо гIи-боцIиялъе ферма, колхозалъул правлениялъе концелярал. Кинабго букIана хассаб бетIергьанлъиялъул минабахъ.

Дагъистаналда коллективизация гьаби киса-кибего унеб заманалда белехьги гьоркьор течIо гьелъ. ГIуцIана унго-унгояб колхоз ва росулъ гьелъул членаллъун лъугьинчIел рукIинчIо. Колхозияб производство цебе бачиналде буссинабун букIана Балахьунибги кинабго къуват. Цо заманалда гучалда цебе тIуна магIишат, колхозчагIазул рес буголъи лъикIлъизе лъугьана. БукIана замана колхозалда 6I4 чIегIерхIайван, 2I74 бетIер гIи-цIаназул, I75 найил тIала, лъикIго бачIин кьолел ахалги хурзалги рукIараб. Балахьуни гIадаб гьитIинаб росдае гIураб магIишат букIана гьеб, гьанже хадуб биххизабичIебани.

БецIлъиялдаса канлъуде рачIун битIун гIумру гIуцIизе тIаделъараб заманалда багъарана КIудияб ВатIанияб рагъ. Белехьдерил росулъа I35 чи ана Гитлерилаб фашизмалде данде рагъизе. Гьезул 8I чи тIад вуссинчIо ва гьел росдае камуна. Амма ВатIан цIунулаго бихьинчилъиялда рагъана АбулхIасанов ГъазимухIамад, Пирбудагъов Гъазичу, СагIидов ИсхIакъ, ГIабдулмуслимов ХIажи гIадал гIолохъаби. Белехьдерида даимго ракIалда руго гьел. Гьезул цIарал лъурал некIого гьезул ригьде рахун рукIаниги, рагъда камуразухъ бараб чIегIер жеги бахъичIелги дандчIвала Балахьуни.

Жакъа бицине ккелин кколаро Балахьуни росу хисунги цIилъунги бачIараб куцалъул.

Балахьуни росу ккола биологиялъул гIелмабазул доктор, академик ГIабдурахIманов Гъайирбегил ва-тIан.

***М. Саг1адулаевасул***
***«Ансадерил свералаби» т1ехьалдаса.***

# КъанагIатаб бажариялъул гIадан

I947 соналда Изумруд тIамуна гьанжего гьанже гIуцIараб руччабазул педагогикияб институталъул директорлъун. Дагьаб къуват кьечIо гьелъ гIолохъанал ясал-магIарулал цIализариялъе. Ине кколаан бищунго рикIкIад ругел магIарул районазде, гара-чIварулаан, бичIчIизабулаан магIарулазда лъай босичIого чара гьечIилан. ТIоцересел соназда магIарул ясал институталде росулаан экзаменги гьабичIого. Студентазе йокьулаан жидерго гIолохъанай директор, кIочон течIо гьезда гьей жидерго цIали лъугIун хадубги.

I953 соналдаса нахъе Изумруд ХIажиевналъул тIолабго творческияб хIалтIи бухьараб букIана культураялъулгун-лъай кьеялъул учреждениял гIуцIиялда. ХIалтIуе гьелъул бугеб бажариги бихьун, гьей тIамуна Дагъистан АССРалъул Министрзабазул Советалда цебе бугеб искусствалъул ишазул рахъалъ Управлениялъул начальниклъун, культуралъул Министерство гIуцIаралдаса нахъе абуни культураялъул министрасул тIоцеесей заместительлъун.

I955 соналъул I январалдаса нахъе гьей ккола культураялъул министр. БихьизабичIого гIоларо Дагъистаналъул культура цебе тIезе лъугьана 60-абилел соназда. ГIицIго гьел соназда республикаялда рагьана I02 росабазул клуб ва библиотека, Табасараназул халкъияб театр, Дербенталда 2 халкъияб театр, республикаялъул культпроссветучилище, художественнияб училище, МахIачхъалаялда «Октябрь» ва «Россия» кинотеатрал. Изумруд ХIажиевна культураялъул министрлъун хIалтIулел соназда гIуцIана гьайбатаб ва машгьураб «Лезгинка» ансамбль. Жидерго мемуаразда республикаялъул цере рукIарал руководительзабаз бихьизабулеб буго гьанже дуньялалдаго машгьураб гьеб ансамбль «Лезгинка» гIуцIиялъулъ Губахановалъул жиндирго букIараб гIахьаллъиялъул. «Дагъистан: Дир рокьи ва къисмат»,-абураб жиндирго тIехьалда Шагьрудин МухIмадович Шамхаловас бихьизабулеб буго гьеб кьурдабазул ансамблялъе нухмалъи гьабизе Тахо Израилов ахIизе ккеялъул суал гьелъул жиндирго хIаракатчилъи букIанилан. Гьес хъвалеб буго: Дагъистаналъул руководительзаби рукIана Москвалда Туркмениялъул культураялъул искусствалъул Декада тIобитIулеб заманалда. Чайковскиясул цIаралда бугеб залалда тIобитIулеб букIараб ансамлялъухъ балагьизе ахIун рукIана дагъистаниял. Гьеб ахIиялъул гIуцIарухъанлъун йикIана Тахолгун лъай-хъвай бугей ва Дагъистаналде – ВатIаналде гьев тIад вуссинавиялъул гара-чIвари гьабизе бокьарай И. ХI. Губаханова. Концерт лъугIун хадуб нижеде аскIове вачIана Тахо, нижеца ракьцоясда баркана. Гьелдаса хадуб Даняловас ахIана Тахо, Г1умаханов, дун ва Губаханова «Москва» гостиницаялда букIараб жиндирго номералде. Гьениб ккана Тахо ватIаналде тIад вуссине чара гьечIого хIажат букIиналъул хIакъалъулъ официалияб гара-чIвари.

КIудиял захIмалъи дандчIвана Дагъистаналъул хIукуматалда кьурдул ансамблялъул законияб куцалда хъвай-хъагIай гьабулаго. Москвалда гьеб гIуцIизе ине ккана дун. Амма Дагъистаналъул нухмалъулез кинабго жо гьабуна захIматал шартIазда хIалтIи гIуцIулаго. ГIолохъанаб ансамблялъе гIарцулаб кумек гьабуна Совнархозалъул руководствоялъ, гIемерал кьурдухъабазе щвана квартираби бищунго лъикIал минабахъ МахIачхъалаялда. «Лезгинка» ансамбль законияблъун гьаби хираго чIана Изумруд ХIажиевналъе. Гьелъие щвана чанго выговор ва тIадчIун тIалаб гьабуна «Лезгинка» биххизе тезе бегьуларилан, гьедин ритIухъ гьабун тIубазабуна Москвалдаги МахIачхъалаялдаги хIукуматалъул даражаялда гьеб суал.

Культураялъул министрасул хъулухъалда йигей заманалда И. ХI. Губахановалъ кинабго рахъалъ квер бакъана республикаялъул творческиял къуватал цере тIезаризе, улкаялъул театразда миллиял студиял гIуцIизе, художествалъул ва культураялъул лъай кьеялъул училищаби рагьия лъе. Гьедин магIарулазул студиялъул гIолохъанаб гIел цIализабуна Тбилисиялда, кумыказул студиялъ – Москвалда Щукинил училищеялда, даргиназул – Ереваналда. Жакъагицин ракIалде щвезабула Авар театралъул цо-цо х1алт1ухъабаз жидерго кIиабилей эбеллъун рикIкIуней Изумруд ХIажиевна. ХIурматалда рехсола гьелъул цIар Манашир Якъубовас, Мурад Кажлаевас ва цогидазги.

КIудияб хIалтIи гьабуна Изумруд ХIажиевналъ I960 соналъул февралалда Москвалда Дагъистаналъул искусствалъулгун литературая лъул Декада тIобитIиялъе. Гьеб заманалда кидагоялдаса цIикIкIун жигарлъизарун рукIана театразулги, творческиял коллективазулги художествалъул хIаракатчагIазулги хIалтIи. Гьелде къаси-къад чIечIого хIадурлъун рукIана, хIадур гьарун рукIана цIакъго берцинго рукъарал костьюмал, гьелъул хIасилалда Москвалда тIобитIараб Дагъистаналъул культураялъулгун искусствалъул Декада ана бергьенлъиялда.

Совет Союзалъул лъикIал хъвадарухъабаз, актераз, культураялъул хIаракатчагIаз лъикIаб къимат кьуна Дагъистаналъул артистазе, художниказе, хъвадарухъабазе.

Хадуб республикаялъул кинофикациялъул управлениялъул начальниклъун хIалтIулаго гьелъ дагьаб хIалтIи гьабичIо бакIалъулал киностудияби гIуцIиялъул ишазе. Гьелъул кумекалдалъун Свердловасул, Грузиялъул, киностудияз рахъана Расул ХIамзатовасул, А. Абубакарил асараздасан кинофильмал.

Пенсиялде ун хадуй Изумруд хIалтIана тарихияб гун архитектураялъул музеялъул директорасул замлъун. Гьенибги гьелъ бихьизабуна музеялъул ишалъе жиндирго бугеб бажариги махщелги.

ГIемер соназул ва ракI бацIцIадаб хъулухъа лъухъ Изумруд ХIажиевна мустахIикълъана пачалихъалъул гIемерал шапакъатазе, гьелдаго цадахъ ХIурматалъул гIаламаталъул лъабго орденалъе, цогидалги медалазе ва ХIурматалъул грамотабазе.

Гьединал гIадамал рукIинчIелани Дагъистана лъул тарихги гьадинаб гъвангъараб ва гьайбатаб букIинароан. ГIумруялдаса гьел ратIалъи гьеб ккола тIолабго нилъер обществалъе ккараб кIудияб камилъун. Ва жакъа нилъеца хал гьабизе ккола гьез нахъа тараб нухалъул ва нилъеда кIочене бегьуларо гIагараб Дагъистанги гьелъул цIарги гвангъизабизелъун бихьулеб захIматалде рачIинчIого гIагараб республикаялъе хъулухъ гьабулаго къуркьи гьечIел, яхI баччарал, чаран кьуру гIанги къвакIарал, гьайбатал руччабазул гьунарги бажариги.

*Д. КАБАРДИЕВА.*

Районалъул администрациялъ, государствениял учреждениязул ва общественнияб хъулухъ гьабиялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул комитеталъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъул начальникасул ишал тIуралев ГIали ХIамзатовасда, яц ПатIиматида ва тIолабго гIагарлъиялда къокъидго унтиги чIван

**ГIусман**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьесие алжан насиб гьабун батаги.

*Инхоса ГIалихIажияв гьавун - 170 сон*

# ГIакъилал жугьаби

Жиндир гIайиб гIемер бугес гIадамазда бугьтан лъола,
ГьечIеб бугьтан чиясда лъун, чан мацI квешав къосун холев.
* * *
Квешав чигун къацандуге, къисматалъулъ мекъи кколин,
Къадараб жиндирго бицун, дуде ахIун яхI рехулин.
* * *
Бищун гIемер гIелмуялда, гIадан чIухIи какун буго,
Каву кIалтIа чияхъ гIин бан, гIагIадулел дир къавм гуро.
* * *
ТIасан вихьун гIадан каки, квешаб гIадат гIадамазул,
ГIумруялъул кинабго рахъ, кквезе тIадаб щивав чияс.
* * *
Багьана гьечIого гIадангун барщи,
Бищун кIудаб мунагь Аллагьас бицун.
Гьеб къосараб уммат рикIкIадги хутIун,
Халкъ разиго букIин кIудияб талихI.

# ФСБялъул генерал-майорасул юбилей



Гьал къоязда СЮТалъул коллектив щвана республикаялъул туризмалъул ва край лъазабиялъул централда бугеб КIудияб ВатIанияб рагъул музеялде. Аслияб мурадлъун букIана ТОКСалъул музеялде щвей. Гьал къоязда республикаялда унел руго ТОКСалъул командир, ФСБялъул генерал-майор ГI. М. МуртазагIалиев гьавун 90 сон тIубаялда хурхарал рагьарал дарсал, бихьинчилъиялъул дарсал, классалъул сагIтал, музеялде ин, кучIдузул конкурсал ва гь. ц.

* * *



Гьебго лъугьа-бахъиналда хурхун СЮТалда тIобитIана Унсоколо росдал школазул цIалдохъабазда гьоркьоб пасихIго кучIдул цIалиялъул конкурс. Гьайбатав инсан ГIумар МуртазагIалиевичас 90 сон тIубаялде сайгъат гьабураб тадбир гьениб лъималазе пайдаяб куцалда ана.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Ответственный**
**Гусейн ГУСЕЙНОВ**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 29 . 10. 15 г. 17, 10
фактически -17.20 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.